# Kutsiva Muromo WePombi Yekudhonza Mvura YeBush

Replace the spout.

Written By: iRobot



This document was generated on 2019-09-22 02:44:02 PM (MST).

# INTRODUCTION

Tevedzera gwaro rino rekurayira kubvisa nekutsiva kana kugadzira muromo wepombi yemvura.

This document was generated on 2019-09-22 02:44:02 PM (MST).

## Step 1 — Head and Handle (Shona)





- Ona kuti pombi inoshanda zvakanaka sei nekupomba kwemakumi mana.

Pombi inoshanda zvakanaka inofanira kudira mvura inosvika marita gumi.

## Step 2





- Bvisa mapini maviri akabatanidza mubato nechinofambisa mubato.



© iFixit — CC BY-NC-SA

## Step 3





- Dhonza mibato miviri kubva kune chinofambisa mubato.

## Step 4




- Simudza mapini maviri akabatanidza pombi kumusoro nemubato, kubva papombi.



© iFixit — CC BY-NC-SA 

## Step 5

  

- Mudanho rino rose, ona kuti watsigira mubato nemusoro nemaoko matatu kana kupfuura.
- Buritsa chimutanda chejoinhi kubva muchimusoro.
- Wongorora chimutanda chejoinhi nemusoro kuti hazvina kusakara kana kukuvara here.

## Step 6



- Bvisa musoro nemubato wozviisa panzvimbo yakachena kuti zvisabate utachiona



© iFixit — CC BY-NC-SA

## Step 7 — Riser Main Slider (Shona)




- Simudza mubato mukuru unosimudza pombi zvine simba nemaoko maviri.

⚠ Chenjerera kuti usadonhedze mubato mukuru unosimudza pombi, nekuti izvi zvinogona kukuvadza humburumbira

## Step 8





- Shandisa chipanera chepombi kusunungura pombi inotakura mvura yepamusoro.



© iFixit — CC BY-NC-SA 

## Step 9





- Simudza mubato unosimudza pombi nepombi refu.
- Tenderedza simbi inobata chimutanda chepombi pachimutanda, uye chisunge zvine simba pachimutanda chepombi.
- Dzikisa pombi refu nemubato unosimudza pombi kuti ugare pane chinobatisa pombi zvakanaka.

## Step 10





- Sunungura ubvise bhaudhi rinobata chimutanda chepombi nebhaudhi rechimutanda chepombi pamusoro pemutanda unosimudza pombi.



© iFixit — CC BY-NC-SA 

## Step 11





- Bvisa mubato mukuru unosimudza pombi, uye ongorora kuti haina kubvaruka kana kuchembera here.
- Isa mubato unosimudza pombi panzvimbo yakachena kuitira kuti usabate utachiona.

## Step 12 — Above Grade Riser Pipe (Shona)







- Bvisa pombi inotakura mvura yepamusoro.
- Sungirira mubato wakaita saT pamutanda wepombi.
  - ⓘ Kana uri kuchinja pombi yemvura yepamusoro, siya mubato wakaita saT uripo kusvikira wave kugona kuisa nhengo yekutsiva nayo.



© iFixit — CC BY-NC-SA 

## Step 13 — Spout (Shona)







- Shandisa chipanera chepombi kusunungura nekubvisa muromo wepombi.
- Wongorora muromo kuti hapana zvakavhara kana zvingangokonzera utachiona.
- Isa muromo panzvimbo yakachena kuti usabate utachiona.

Kuti ubatanidze mudziyo wako, tevedzera mirayiro uchitanga nekwekupedzesera.



© iFixit — CC BY-NC-SA